



Se Djeride Jean-Baptiste ki prepare plan lesson sa a nan brase lide ak Jean Casimir, Michel DeGraff epi Ezra Remer

*Objektif plan lesson sa a ki mache ak twòkèt
« Tout moun se moun » Pwòf Jean Casimir :*

1. Aprenan yo ap ka evalye divès definisyon kategori « ras » la.
2. Aprenan yo ap ka bati zouti pou yo kalkile diferans ant definisyon « ras » ki baze sou koulè po ak definisyon « ras » nan konsèp tankou « ras fanmi », « ras malere », « ras moun », « nanchon » e latriye.
3. Aprenan yo ap develope kapasite pou yo konprann oriijn ak objektif divès definisyon ki antre nan konsèp « ras » la epi sa pral ede yo devlope kapasite pou yo kritike définisyon sa yo ansanm ak enpak définisyon sa yo sou lavi a yo, sou kominite a yo epi sou devlòpman peyi a.
4. An final, aprenan yo ap rive apresye sans pawòl ki di « Tout moun se moun » ansanm ak enpòtans pawòl sa a nan istwa lakou a

Premye aktivite : Miz an tren

Ayisyen renmen foutbòl ak lòt espò yo anpil. Yo konnen prèske tout sa k ap pase nan gran lig foutbòl peyi ewopeyen yo, nan NBA oz Etazini. Epi Naomi Osaka, ki sot chanpyon fas a Jennifer Brady nan final chanpyona tenis Ostrali, te fè anpil moun pale de li ann Ayiti. Anvan match final la, Naomi Osaka te elimine Serena Williams nan demi final.

Pwofesè a ka itilize espò kòm yon egzanp aktivite ki reyini tout kalte moun ki soti anpil kote sou planèt la e ki gen koulè po ak tip cheve ki diferan. Pou atlèt sa yo bay rezulta, yo bezwen talan, anpil antrènman, pèseverans ak bèle pèfòmans epi se sa k ap ede yo rive nan pi wo nivo nan disiplin espòtif yo.

Pou kòmanse aktivite a, pwofesè a ka mande aprenan yo pou yo ekri kèk lis foutbolè, epi l ap mande yo pou yo gade koulè po ak tip cheve chak atlèt ki nan lis sa yo. Elèv yo ava remake youn trè diferan de lòt nan koulè po yo ak nan tip cheve yo.

Dezyèm aktivite : Aprè yon ti moman analiz sou karakteristik ekstèn foutbolè yo (sa n rele « fenotip » nan biyoloji), pwofesè a ava poze elèv yo kèk kesyon nan sekans sa a, epi l ap mande pou elèv yo kritike repons youn lòt — pou yo ka kòmanse devlope kapasite kritik yo konsènan tematik « ras » la :

1. Ki premye fwa e ki kote nou chak nan sal klas la te premye tandem pale sou konsèp « ras » la ?
2. Ki sa nou chak panse sou konsèp « ras » sa a ?
3. Dapre manyèl istwa ak jeyografi nou yo, konbyen ras ki egziste ?



4. Ki sa manyèl sa yo prezante kòm karakteristik pou chak nan kategori ras sa yo ? Dapre manyèl yo, ki diferans ki genyen ant ras sa yo ?

Twazyèm aktivite : Kounye a pwofesè a pral sèvi ak done konsènan fenotip, biyografi ak pèfòmans foutbolè yo pou l ede elèv yo fouye zo nan kalalou konsèp « ras » la nan tretman manyèl lekòl yo.

Daprè sa yo te montre nou sou koze ras la, pwofesè a pral ankouraje elèv yo fè plizyè seleksyon (ekip foutbòl) ak non foutbolè ki nan lis yo te prepare nan premye aktivite a.

- **Pwofesè a ap ede elèv yo analize aspè fizik (« fenotip ») chak jwè foutbòl sa yo**

Lè n ap gade koulè po foutbolè sa yo, ki sa ki diferansye yo youn de lòt ? An n eseye divize yo pa kategori sou baz « ras » (egal : dapre koulè po) epi an n mete tout foutbolè ki gen menm koulè po nan menm ekip.

Pwofesè a ava afiche definisyon « ras » ki nan kèk manyèl istwa ak jeyografi ki sèvi nan lekòl ann Ayiti — tankou manyèl « *Projet de manuel de géographie* » (Pwòf Wesner Emmanuel) :

Les grands groupes de races

La classification la plus simple distingue trois grands groupes raciaux :

- Les **races blanches**, à peau claire ou basanée, aux cheveux souples, ondulés ou bouclés, au nez généralement mince, comptent actuellement plus que de 1.350 millions d'individus. Elles ont pour domaine l'Europe, l'Asie Sud-occidentale, et l'Afrique du Nord et ont essaimé en Amérique du Nord. Les races blanches ont constitué un peuplement homogène, tandis que dans l'Amérique du Sud le métissage est beaucoup plus important.

GÉOGRAPHIE NOUVEAU SECONDAIRE I - II - III

Les **races noires** à peau foncée, variant du brun au noir d'ébène, aux cheveux courts, crépus ou fortement ondulés, au nez généralement large, aux lèvres épaisses, ne comptent que 400 à 500 millions d'individus. Leur domaine principal est l'Afrique sub-saharienne et une partie de l'Inde. Des races primitives, parentes des races noires et en voie de disparition, se rencontrent en Afrique (Négrilles), dans l'Inde, aux Philippines et en Nouvelle-Guinée etc.

Les **races jaunes**, à peau jaunâtre, aux cheveux droits et lisses, aux pommettes saillantes, aux yeux à la fois obliques et bridés, comptent plus d'un milliard cinq cents millions d'individus répartis sur tout le Centre, le Nord et l'Est de l'Asie, ainsi que sur une grande partie de l'Indonésie et de l'Océanie.

- **Lè pwofesè a fin fè 2 premye aktivite yo, epi lè elèv yo fin kreye ekip foutbòl apati de kategori ras ke yo te montre yo nan manyèl yo (egzanp: gade tèks nan manyèl ki an wo la a), pwofesè a pral mande yo brase lide sou nivo pèfòmans ke yo ka predi pou chak ekip ki vin fòme sou baz koulè po. Èske ekip sa yo ap gen menm nivo jèvrin pase ekip ki melanje foutbolè ki soti nan diferans ras ? Ede elèv yo brase lide sou avantaj oswa dezavantaj ki genyen lè n kreye ekip kote tout moun gen menm koulè po oswa lè n kreye ekip kote gen moun diferan ras k ap jwe ansanm. Pwofesè a ka oryante**



brase lide a yon fason ki ka ede elèv yo antre nan katriyèm, senkyèm ak sisyèm aktivite ki se aktivite demistifikasyon.

Katriyèm aktivite : Ki sa ki ka lakòz koulè yo diferan ?

Gen anpil rezon ki fè koulè po nou differan. Youn ladan yo se yon pigman ki rele « melanin ». Youn nan fonksyon melanin se ede nan detèmine koulè po, koulè cheve ak koulè je nan moun ak bêt. Plis yon moun oubyen yon bêt gen anpil melanin, se plis koulè po moun sa a gen chans pou li pi fonse.

Yon lòt fonksyon melanin se pwoteje kont reyon ultravyolè. Reyon sa yo ka bay moun kansè e yo plis prezan kote ki gen anpil solèy ak anpil chalè. Pa egzanp, pami gwoup moun k ap viv depi lontan lontan lontan kote ki gen anpil chalè an ba solèy k ap klere pandan tout dire lane, gen yon *tandans* pou to pigman melanin lan pi elve paske se sistèm otodefans sa a k ap ede nan pwoteksyon kont reyon ultravyolè. Se menm jan an tou, pami gwoup moun k ap viv depi lontan lontan lontan kote ki gen anpil fredi e ki pa gen anpil solèy, gen yon *tandans* pou to pigman melanin lan pi ba pami moun sa yo — paske moun sa yo ap bezwen pou to melanin lan pi ba pou yo ka transfòme ti kras reyon solèy an Vitamin D k ap pèmèt yo rete an sante. (Nou di « tandans » paske nou ka wè eksepsyon nan jeneralizasyon sa a tankou blan ki se desandan olandè k ap viv nan peyi Afrik di Sid.)

Pwofesè yo ava brase lide ak elèv yo sou done ki montre divès fòs kote ak twou vid nan teyori kote kategori « ras » yo (kit se « nwa », kit se « blan », kit se « jòn », kit se « wouj ») gen karakteristik ak lokalite ki byen fikse. Pa egzanp : Ann Angletè nan kontinan Ewòp la, yo te dekouvri yon moun ki t ap viv la sa gen 10 000 lane e ki te gen *po nwa ak je ble* — sa se 2 fenotip ki pa mache ansanm nan kategori « ras » ke n konne jwenn nan manyèl jeyografi ak istwa. Epi tou, sa vle di gen zansèt blan ewopeyen ki te gen po nwa menm jan ak zansèt afriken nou yo.

Senkyèm aktivite : Yon ti bout nan istorik konsèp « ras » la

Kounye a, pwofesè a ka ede aprenan yo konprann konsèp « ras » la se yon kategori ki ka gen oriijin li nan volonte sèten gwoup moun konn genyen pou yo esplwate epi egzèse pouvwa yo sou kèk lòt gwoup moun.

Pwofesè a ap ede aprenan yo konprann twòkèt Pwòf Jean Casimir ki rele « Tout moun se moun ». Twòkèt sa a ap ede aprenan yo konprann youn nan premye egzanp nou genyen sou teknoloji pou dominasyon rasyal sa a se Kristòf Kolon ki te pran Tayino, Karayib, Arawak, e latrìye, epi li fè yo tout tounen ... « Endyen ». Epi Batolome de Las Cazas (Bartolomé de Las Casas), nan 16èm syèk, te vin montre ki jan li sansib pou « endyen » yo apre kolon ewopeyen yo te debake ann Amerik. Epi se menm Las Casas sa a ki te konseye kolon yo pou y al chèche moun ann Afrik pou fè yo travay pou ede peyi ewopeyen yo vin rich. Se kon sa Ewopeyen yo te vin konsidere Afriken yo kòm ki dirè yo tout antre nan yon gress kategori « ras » (« ras nwa ») menm si Afriken sa yo te soti nan gwoup etnik ki differan nèt: Ibo, Nago, Kongo, Wolòf, Awousa, Achanti, Bantou, Pigme, Otanto, e latrìye. Save ewopeyen yo ansanm ak leta nan peyi pa yo te feraye san rete pou yo vin envante yon konsèp « ras » kote kategori « ras nwa » ta dwe enferyè devan kategori « ras blan » epi se « ras nwa » sa a yo te vin bay karakteristik pou li donnen esklav kon djondjon. Se malere sa yo ki vin tounen kaptif ki t ap travay pou kreye « Pèl dè Zantiy » pou kolon blan.



Yon lòt egzanp ki pi pre nou se nan lane 1937 lè diktatè dokiminiken Rafael L. Trujillo te ankouraje masak Ayisyen ki t ap vin an Dominikani bò fwontyè ak Ayiti. Trujillo te bezwen montre siperyorite Dominiken sou Ayisyen, e nan politik rasis li, se Ayisyen ki « nwa » pandan Dominiken yo, yo menm, ta pi plis sanble ak « endyen », « milat », « metis » oswa « blan ». E poutan, lè Trujillo t ap ôganize masak Ayisyen yo, li te sèvi ak yon teknoloji *lengwistik* pou l diferansye Ayisyen de Dominiken : li te mande sòlda li yo pou fè Ayisyen yo pwononse mo tankou « perejil » ki vle di « pès » an kreyòl. Sòlda dominiken yo te touye moun ki te pwononse mo sa a avèk yon aksan ki gen enflyans lang kreyòl la ladan.

Pwofesè a ava mande elèv yo reflechi sou rezon ki fè tout kalte gwoup endijèn nan zòn Amerik la te vin tounen « endyen ak po wouj » nan analiz Kristòf Kolon malgre tout kalte diferans ki te egziste nan koulè po yo, nan tip cheve yo, nan kilti yo, e latriye. Epi pwofesè a ava mande elèv yo ki jan fè se ak mo « perejil » la sòlda dominiken yo, an 1937, te sèvi pou yo konnen ki moun ki ayisen. Si an Dominikani se sèlman Ayisyen ki moun nwa (egal, si Dominiken pa nwa), pou ki sa se mo « perejil » la ki te vin sèvi pou diferansye 2 nasyon yo ? Eske sa ta vle di kòm ki dirè se ta kategori « ras » la ki pou ta enflyanse fasyon Ayisyen yo pwononse « perejil » ?

Sizyèm aktivite : « Tout moun se moun »

Pwofesè a ap mande aprenan yo pou yo eseye kalkile ki lòt kritè ki ka sèvi pou divize limanite an gwoup kote yon gwoup ka parèt *siperyè* devan lòt oswa *egal ego* youn ak lòt.

Apre yo brase lide sou epi l ap mande elèv yo pou yo eseye jwenn kritè ki ka gen pi plis jèvrin sou plan sosyal oswa ekonomik pase premye kritè « ras » ke yo te abitye aprann nan manyèl istwa ak jeyografi.

Aprè travay sa a, pwofesè a ava mande aprenan yo pou yo poze tèt yo kesyon sa yo :

1. Ki sa divizyon sou baz « ras » (egal : dapre koulè po) ka itil nou jounen jodi a ? Ki aspè nan lavi nou kategori « ras » sa yo ka amelyore ?
2. Pou ki sa anpil moun toujou ap mete aksan sou yon limanite ki divize dapre koulè po moun, tip cheve ak lòt fenotip nan aparans fizik nou ?
3. Kiyès vrèman ki benefisyé de divizyon limanite ki chita sou kritè arbitre tankou koulè po ak tip cheve ?

Pou fini, pwofesè a ka mande aprenan yo pou yo kreye kèk afich pou medya sosyal (Facebook, Instagram...) oubyen kèk videyo kote y ap eseye pote yon mesaj ki pou ede konpatriyòt yo konprann orijin ak objektif kategori « ras » la nan istwa peyi d Ayiti soti nan Kristòf Kolon, pase nan Trujillo, rive nan François Duvalier.



Referans :

https://www.sciencesetavenir.fr/archeo-paleo/anthropologie/parler-de-race-chez-l-etre-humain-n-a-pas-de-sens-d-un-point-de-vue-scientifique_104088

<https://www.nationalgeographic.fr/sciences/le-concept-de-races-une-heresie-scientifique>

<https://www.franceculture.fr/sciences/le-concept-de-race-peut-il-sappliquer-lespece-humaine>

<https://fr.quora.com/Pourquoi-le-concept-de-race-humaine-na-aucune-base-scientifique>

https://youtu.be/6_ckrmz4bjQ

<http://lhommeenquestions.museedelhomme.fr/fr/existe-t-il-differentes-races-hommes>

<https://youtu.be/MOAaHd3XRus>